

## 10 konsèy pou moun k ap fè fòmasyon ansanm

---

Anseye, fè fòmasyon oubyen mennen yon fòmasyon ak yon lòt moun pa menm ditou lè w ap fè menm aktivite sa yo pou kont nou. Men kèk konsèy nou bezwen suiv ki ka ede nou reyisi nan fè fòmasyon ak yon kòlèg fòmateur:

- 1. Verifye youn ak lòt avan fòmasyon an.** Depi nou toulède gentan konnen nou pral travay ansanm, nou bezwen reyini pou nou planifye. Nou bezwen mete nou dakò sou repatisyon tan an: ki pati chak moun ap prezante, ki wòl ak responsabilite chak moun genyen.
- 2. Pataje atant ou ak lòt fòmateur a e di li sa w ap bezwen.** Nan premye rankont nou genyen ansanm, nou youn bezwen di lòt ki atant nou youn genyen de lòt la e di kòman nou travay pi byen. Chak moun konprann fè fòmasyon ak yon lòt moun yon fason. Li nesèsè pou nou pale sou sa avan nou kòmanse travay ansanm.
- 3. Fè kèk ti verifikasyon pandan dewoulman fòmasyon an.** Lè li posib e lè nou estime sa nesèsè pandan chak seyans, fè kèk ti verifikasyon tou kout youn ak lòt. Pa egzanp, pafwa ou ka annik bezwen di lòt fòmateur a ou pral fini ak prezantasyon ou an pi bonè oubyen ou pral bezwen papye. Lè ou pataje enfòmasyon sa yo sa ap pèmèt gen bon anchènman ki fèt nan fòmasyon an e sa ap diminye fristrasyon. Moman ki pi bon pou fè sa se moman poz yo. Evite pale youn ak lòt lè aprenan yo ap travay pou kont yo pou yo pa ap koute dyalòg nou yo pito.
- 4. Verifye youn ak lòt avan e aprè fòmasyon an.** Avant fòmasyon an kòmanse nou bezwen verifye ansanm sa n ap planifye fè e si gen nenpòt bagay ki chanje depi dènye fwa nou te pale. Aprè fòmasyon an nou bezwen verifye ankò pou nou pataje lide sou fason seyans yo te dewoule, sou ki sa ki bezwen chanje nan pwochen seyans lan, sou sa ki ka fèt pi byen pwochen fwa. Puiske gen bagay nou pa t prevwa ki ka rive, verifikasyon an enpòtan anpil avan ak aprè seyans lan. Se yon moman enpòtan tou pou nou youn felisite lòt.
- 5. Sipòte moun k ap fè fòmasyon avèk ou a.** Pandan fòmateur k ap fè fòmasyon avèk ou a ap dirije yon aktivite ou ta dwe prete atansyon sou sa li bezwen e sou sa gwoup la ka bezwen pou nou ka fè fòmasyon an pi byen. Ede kòlèg fòmateur a distribye papye, bay sipò ou lè gen konfizyon nan travay k ap fèt an gwoup oubyen kole yon bagay nan mi, kapab ede li pou li plis konsantre sou tach l ap akonpli a e pou li kenbe enèji gwoup la nan yon nivo ki wo.
- 6. Pa fè entèferans.** Pandan kòlèg fòmateur a ap dirije yon aktivite, pa fè entèferans oubyen pa rantre an kontradiksyon avèk li (sof nan ka kote sa nesèsè pou aprantisaj la). Ou bezwen rete

konsantre sou sa k ap fèt pou ou ka sipòte kòlèg fòmata a san ou pa yon entèferans oubyen yon fado.

- 7. Fikse objektif pèsonèl ak objektif kolektif.** Avan ou kòmanse anseye, di youn oubyen 2 bagay ou vle sonje e ou vle travay sou yo nan seyans lan. Si ou pataje sa ak fòmata kòlèg la, ou ka jwenn fidbak li sou objektif sa yo nan fen seyans lan. Sa bon anpil tou lè nou fikse objektif ekip la ansanm.
- 8. Rete nan tan nou genyen an.** Toujou fè efò pou nou rete nan tan nou genyen pou chak prezantasyon. Souvan konn pa gen anpil tan nan orè a ki fikse pou seyans yo kote chak minit enpòtan epi yo konte. Si ou pran plis tan ou genyen, sa pral gen konsekans sou aktivite kòlèg fòmata a e sou sa patisipan yo bezwen aprann.
- 9. Di bagay pozitif youn sou lòt.** Di bagay pozitif sou kòlèg fòmata a nenpòt lè sa posib e si ou sèten sa w ap di a se verite. Tout moun gen ti pèrèz lè y ap anseye moun, espesyalman moun ki nan menm kategori laj avèk yo. Ou bezwen pwofite chak okazyon pou di kòlèg fòmata a sa li fè ki byen.
- 10. Travay tankou yon ekip.** Tout tan nou bezwen fè aprenan yo wè nou tankou yon ekip. Nou youn dwe sipòte lòt, nou youn dwe di bagay pozitif sou lòt devan gwoup la, mete travay fòmata a fè deja nan travay pa ou. Sa ap montre nou vle aprenan yo di: « Waw fòmata sa yo travay byen ansanm. »